



AIM PLUS MEDICAL SUPPLIES

DOSYE BYENVINI POU NOUVO PASYAN

Byenvini nan AIM Plus Medical Supplies ! Se yon onè deske ou chwazi nou pou sèvi ou ak tout fanmi ou. Anplwaye nou yo kontan pou yo konnen ou epi vin yon defansè bezwen medikal ou yo.

Nan AIM Plus Medical Supplies, objektif nou se livre pwodwi ou yo nan bon kondisyon, ak efikasite, ak sèvis kliyantèl eksepsyonèl.

Nan dosye sa, ou pral jwenn enfòmasyon ki itil epi mande w fòmilè ki pral bezwen siyati ou. Nou ankouraje w ranpli epi revoye eleman sa yo jodi a pou asire yon tranzisyon swa.

Rele nou nenpòt kilè si ou gen kesyon nan 866-919-1246.

Kontni

- *Lèt Byenvini p. 2
- *Enfòmasyon Enpòtan p. 3
- *Fòmilè Otorizasyon ak Atribisyón Prestasyon ak Divilgasyon Enfòmasyon (OBLIGATWA) p.4
- *Fòmilè Konsantman pou Divilgasyon PHI (Enfòmasyon Sante pwoteje) ak Resepsyon Politik Konfidansyalite (OBLIGATWA) p.5
- *Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon ak Rekòmande (OBLIGATWA) p.6
- *Paj Siyati (OBLIGATWA) p.7
- *Ankèt sou Pèsepsyón Swen/Satisfaksiyon (OBLIGATWA) p.8
- *Dwa ak Responsabilite p. 9-12
- *Estanda Founisè Medicare DMEPOS p.13-14
- *Pwosedè ak Rezolisyon Reklamasyon/Plent p.15
- *Politik Konfidansyalite p.16-18
- *Avi sou Pratik Konfidansyalite p. 19-21
- *Estimasyon Responsabilite Pasyan an p.22
- *Garanti pwodwi ak Retounen Aparèy ki pa Fonksyone p. 23
- *Enfòmasyon Ijans Lakwa Wouj p. 24-27

LÈT BYENVINI



Nou konprann ke resevwa pake enfòmasyon ka pafwa akablan. Konpayi asirans, lwa, règleman, ak òganism akreditasyon nou an, mande pou nou ba ou tout enfòmasyon ki nan pake nou an. Yo mande nou tou pou resevwa konfirmasyon siyen ki te resevwa, li, ak konprann. Nou pral bezwen pou li lè ou resevwa yo epi retounen tout fòmiliè OBLIGATWA ba nou anvan nou voye lòt kòmand ou a. Nou ankouraje w fè sa jodi a !

Anplwaye amikal nou yo nan AIM Plus Medical Supplies (APMS) ap tann pou yo konnen ou epi asire ke pwosesis kòmand ou a se travay ki pi fasil sou lis travay pou fè.

Byenveni nan AIM Plus Medical Supplies. Mèsi paske w ban nou opòtinite pou sèvi w.

Tanpri li tout dokiman ki nan pake sa a. Li genyen tout enfòmasyon konsènan konpayi nou an, kòmand nan lavni, kijan pou kontakte nou pou nenpòt plent oswa pwoblèm, dwa ak responsabilite ou kòm yon pasyan, Estanda Founisè, ak plis ankò.

NOU AP JWENN ATACHE PLIZYÈ FÒMILÈ OBLIGATWA KI DWE SIYEN EPI RETOUNEN POU NOU KONTINYE VOYE PWOVIZYON OU YO. FÒMILÈ OBLIGATWA SA YO DWE RETOUNEN ANVAN OU KAPAB PLASE PWOCHÈN KÒMAND OU A.

Youn nan reprezantan sèvis kliyantèl amikal nou yo pral rele pou òganize pwochen kagezon ou an, men nou ap ekspedye sèlman avèk pèmisyon ou. Si w bezwen founiti anvan nou rele w, tanpri rele nou gratis nan-1-866-919-1246.

Nou ouvè de Lendi a Vandredi soti 8:00 a.m. jiska 5:00 p.m., eksepte jou ferye ak lòt evènman ki mande pou fèmen. Si w ap rele apre lè sa yo, mesajri nou an ap ba ou enfòmasyon pou kontakte yon anplwaye si sa nesesè.

Nou enpasyan pou travay avèk ou epi nou apresye biznis ou anpil.

Sensèman,

Anplwaye ak Administrasyon AIM Plus Medical Supplies

ENFÒMASYON ENPÒTAN



AIM Plus Medical Supplies

500 Patriot Pkwy, Ste B, Tuscaloosa, AL 35405

Liy Gratis: 1-866-919-1246

Fax: 866-496-7054

www.aimplusmedicalsupplies.com

Direktè Operasyon Jeneral: Brandi Lovely

Brandi@aimplusonline.com

Sèvis Apre Lè Travay:

Ou ka rele apre lè travay epi kite yon mesaj. Yon reprezantan sèvis kliyantèl ap retounen mesaj ou a nan pwochen jou travay la nan lè travay regilye yo. Gen yon nimewo ijans ki nan lis sou repondè a. Kliyan k ap viv yon eksperyans mòtèl ta dwe rele 911.

Lòt nimewo ou ka itilize si ou nan bezwen:

Sèvis Gouvènman Cigna: 1-866-238-9650 ACHC:

1-919-785-1214

Biwo Enspektè Jeneral (OIG): 1-800-447-8477 Eta

Biwo Pwokirè Jeneral la: 1-800-392-5658 Medicare

Konpayi Rejyonal: 1-800-Medicare

Liy Dirèk Leta pou Abi: 1-800-458-7214

RANPLI EPI RETOUNEN DOKIMAN SA (OBLIGATWA)



FÒMILÈ OTORIZASYON

ATRIBISYON PRESTASYON AK DIVILGASYON ENFÒMASYON

AIM Plus Medical Supplies, LLC fè bòdwo Medicare, Medicaid, ak lòt asirans kòm yon sèvis. Pou w dakò ak sèvis sa a, li deklarasyon sa a, epi siyen l, dat epi retounen l.

Mwen otorize AIM Plus Medical Supplies, LLC (APMS) pou 1 voye bòdwo dirèkteman bay Medicare, Medicaid, ak lòt asirans nan non mwen. Anplis de sa, mwen otorize Medicare, Medicaid, ak lòt asirans pou peye prestasyon nan non mwen dirèkteman bay APMS pou atik ak sèvis APMS ban mwen. Mwen dakò pou m peye tout montan mwen dwe APMS ke Medicare, Medicaid, oswa lòt asirans pa kouvri, ki gen ladan ko-pèman ak franchiz ki aplikab ke mwen responsab pou yo. Mwen dakò pou m avèti APMS imedyatman sou nenpòt chanjman de kouvèti asirans.

Mwen otorize nenpòt moun ki gen enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon sou mwen pou 1 bay APMS oswa ajan bòdwo li a nenpòt enfòmasyon pou sa a ak nenpòt reklamasyon sante ki gen rapò. Anplis de sa, mwen otorize APMS bay enfòmasyon medikal oswa lòt enfòmasyon sou mwen pou jwenn pèman de nenpòt moun oswa antite ki otorize resevwa enfòmasyon sa yo.

Mwen dakò pou yon faks oswa yon lòt kopi papye oswa elektwonik fòmilè sa a sèvi kòm yon oriinal. Sou demann, yo ka voye yon kopi fòmilè sa a bay Medicare, Medicaid, oswa lòt asirans ak ajan yo oswa moun k ap bay yo. APMS ap kenbe fòmilè oriinal la nan dosye. Mwen konprann ke otorizasyon sa a ap rete anvigè jiskaske mwen anile l pa ekri.

Si yon lòt moun ki pa pasyan an ap siyen, mwen sètifye mwen gen otorite pou m siyen nan non pasyan an.

Mwen rekonèt tou mwen te li epi mwen te resevwa Avi APMS sou Pratik Konfidansyalite yo, Responsablite mwen yo, Rezolisyon plent, ak Politik sou Retou.

Non Pasyan: _____

Non moun ki ap ranpli fòmilè: _____

Relasyon ak pasyan moun ki otorize pou ranpli fòmilè sa a: _____

Siyati {x} _____ Dat _____



Fòmilè Konsantman pou Divilgasyon PHI (Enfòmasyon Medikal Pèsònèl) ak Resepsyon Politik Konfidansyalite

Mwen konprann ke kòm yon kondisyon pou resevwa sèvis, AIM Plus Medical Supplies, LLC ka itilize oswa divilge enfòmasyon sante mwen pèsònèlman idantifye pou sèvis yo, pou jwenn peman pou sèvis yo bay yo, epi jan sa nesesè pou operasyon biwo sa a. Itilizasyon yo ak divilgasyon yo pi byen eksplike nan Avi Konfidansyalite ke yo te ban mwen, epi ke mwen te gen opòtinite revize.

Mwen konprann ke pratik konfidansyalite ki dekri nan Avi Konfidansyalite a ka chanje avèk tan, e mwen gen dwa pou m jwenn nenpòt ki Avi Konfidansyalite revize lè m kontakte yon reprezantan konpayi an pou fè yon demann konsa.

Mwen konprann tou mwen gen dwa pou mande AIM Plus Medical Supplies, LLC pou mete restriksyon sou fason yo itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante mwen.

AIM Plus Medical Supplies, LLC pa oblige dakò ak demann mwen an pou restriksyon an; men, si AIM Plus Medical Supplies, LLC dakò, AIM Plus Medical Supplies, LLC oblige respekte restriksyon an jan yo te dakò 1 la. Finalman, mwen konprann ke mwen gen dwa pou revoke/anile konsantman sa a, alekri, nenpòt ki lè. Anilasyon/retrè mwen an pral efikas eksepte nan mezi ke AIM Plus Medical Supplies, LLC te reyaji sou baz konsantman mwen pou itilize oswa divilge enfòmasyon sou sante mwen. Pwovizyon sèvis alavni yo ka anile si mwen retire konsantman mwen an.

Siyati

Dat



AIM PLUS MEDICAL SUPPLIES

OTORIZASYON POU DIVILGE ENFÒMASYON AK LÒT KÒMAND YO

Mwen, _____ (PASYAN OSWA MOUN K AP RANPLI FÒMILÈ YO) otorize w pou pale ak moun sa yo pou fè yon kòmand ankò epi diskite sou pwovizyon aktyèl yo ak enfòmasyon medikal pasyan an. Mwen konprann tou ke dokiman sa a ap rete anvigè sof si yo fè AIM PLUS MEDICAL SUPPLIES, LLC konnen chanjman yo. Se kliyan/pasyan an oswa moun prensipal kap bay kliyan/pasyan an swen ki dwe fè chanjman yo.

Non/Relasyon: _____ Nimewo Telefòn: _____

Non/Relasyon: _____ Nimewo Telefòn: _____

Non/Relasyon: _____ Nimewo Telefòn: _____

NON PASYAN: _____

DAT DE NESANS PASYAN AN: _____

SWAYAN PRENSIPAL/RESPONSAB/MOUN K AP RANPLI FÒMILÈ: _____

(DI KI RELASYON OU GENYEN AK PASYAN AN): _____

ADRÈS IMÈL: _____

(LI ENPÒTAN POU GEN ENFÒMASYON SA YO NAN DOSYE, NOU PA FÈ SPAM)

KONTAK IJANS

Nan ka yon ijans, tanpri mete de kontak ijans anba a ki pa ou menm ke nou ta ka kontakte sou non kont pasyan an. Tanpri mete yon nimewo ak relasyon tou pou kontak ijans sa a.

Non/Relasyon: _____ Nimewo Telefòn: _____

Non/Relasyon: _____ Nimewo Telefòn: _____

SIYATI PASYAN OSWA MOUN K AP RANPLI FÒMILÈ YO: _____

RANPLI EPI RETOUNEN DOKIMAN SA (OBLIGATWA)



PAJ SIYATI

Siyati mwen anba a endike ke mwen te resevwa, li, epi konprann enfòmasyon sa yo, epi mwen dakò epi mwen ap konfòme mwen ak enfòmasyon ki nan dokiman sa yo:

1. Lèt Byenvini
2. Enfòmasyon Enpòtan
3. Fòmilè Otorizasyon ak Atribisyón Prestasyon ak Divilgasyon Enfòmasyon (**OBLIGATWA**)
4. Fòmilè Konsantman pou Divilgasyon PHI (Enfòmasyon Medikal Pèsònèl) ak Resepsyon Politik Konfidansyalite (**OBLIGATWA**)
5. Otorizasyon pou Divilge Enfòmasyon ak Rekòmande (**OBLIGATWA**)
6. Paj Siyati (**OBLIGATWA**)
7. Ankèt sou Pèsepsyón Swen/Satisfaksiyon (**OBLIGATWA**)
8. Dwa ak Responsabilite
9. Estanda Founisè Medicare DMEPOS
10. Pwosedi ak Rezolisyon Reklamasyon/Plent
11. Politik Konfidansyalite
12. Avi sou Pratik Konfidansyalite
13. Estimasyon Responsabilite Pasyan an
14. Enfòmasyon Garanti Pwodwi ak Retou Aparèy ki pa Fonksyone
15. Plan Preparasyon Katastwòf ak Ijans Lakwa Wouj

MWEN RESEVWA E KONPRANN ENSTRIKSYON SOU ITILIZASYON FOUNITI/ATIK KE YO TE AP BAY.

Mwen konprann ke sim wen genyen plis kesyon sou enfòmasyon sa, mwen ka rele nan 1-866-919-1246 pou mwen pale ak yon reprezantan kliyan.

NON PASYAN: _____

NON PARAN/RESPONSAB: _____

SIYATI: _____



Ankèt sou Pèsepsyon Swen/Satisfaksyon

Ou se kliyan privileye nou an, e opinyon ou enpòtan pou nou. Lè ou reponn sondaj sa a li pral ede nou ba ou ak lòt moun ki sèvi ak ekipman swen nan kay sèvis nou yo.

Trè Satisfè	On Ti Jan Satisfè	Pa Satisfè	Pa Aplikab
-------------	-------------------	------------	------------

1. Èske ekipman/founiti medikal yo te rive nan bon kondisyon ak yon aparans pwòp epi byen ranje?
2. Èske founiti ekipman medikal ou yo te rive nan lè livrezon an te pwograme a?
3. Èske ekipman medikal oswa founiti yo fonksyone jan ou te atann?
4. Èske anplwaye sèvis kliyantèl nou an ede ou alè epi ak jantiyès?
5. Èske anplwaye sèvis kliyantèl nou an rezoud enkyetid ou yo? Si ou pa t genyen enkyetid, tcheke Pa Aplikab.

<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------

<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------

<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------

<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------

<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>	<input type="checkbox"/>
--------------------------	--------------------------	--------------------------	--------------------------

Komantè yo:

SÈLMAN NON PASYAN AN : _____

DWA OU YO



Antanke yon moun k ap resevwa ekipman medikal AIM Plus Medical Supplies, ou gen dwa pou yo enfòme w sou Dwa ak responsabilite.

YOU GEN DWA POU:

1. Yo enfòme w byen alavans sous wen/sèvis ke yo pral ba ou, ladan I disiplin ki bay swen ak frekans visit yo, ansanm ak nenpòt modifikasyon nan plan swen an.
2. Yo enfòme w alavans sous wen/sèvis ke yo bay yo ak responsabilite finansyè ou.
3. Resevwa enfòmasyon sou dimansyon sèvis yo ke òganizasyon an pral bay ak limit espesifik sèvis sa yo.
4. Patisipe nan elaborayson ak revizyon peryodik plan swen an.
5. Refize swen/tretman apre konsekans ke deske ou refize swen oswa tretman yo fin byen prezante.
6. Yo enfòme w sou dwa kliyan/pasyan yo dapre lwa leta pou ekri yon Konsiy Alavans, si sa aplikab.
7. Yo trete byen ou yo ak ou menm ak respè, konsiderasyon, epi rekonesans diyite ak endividyalite kliyan/pasyan an.
8. Kapab idantifye manm pèsonèl k ap vizite yo gras a yon idantifikasiyon apwopriye.
9. Alabri de move tretman, neglijans, oswa abi vèbal, mantal, seksyèl, ak fizik, ladan I nenpòt ki domaj, ak detounman byen kliyan/pasyan an.
10. Eksprime doleyans/plent konsènan tretman swen oswa mank de respè byen ou yo, oswa rekòmande chanjman nan politik la, pèsonèl la, oswa swen/sèvis san kontrent, entèferans, fòse, diskriminasyon, reprezay.
11. Gen doleyans/plent konsènan tretman oswa swen ke yo bay (oswa pa bay), oswa mank de respè de byen yo fè envestigasyon.
12. Konfidansyalite ak privasite tout enfòmasyon ki gen nan dosye kliyan/pasyan an ak Enfòmasyon Sante Pwoteje (PHI)
13. Yo konseye w de politik ak pwosedi ajans lan konsènan divilgasyon dosye klinik yo.
14. Chwazi yon founisè swen sante, ladan I yon doktè tretan, si sa aplikab.

DWA OU YO



15. Resevwa swen apwopriye san diskriminasyon konfòmeman ak lòd doktè a, si sa aplikap.
16. Yo enfòme w de nenpòt ki avantaj finansye lè yo refere yo bay yon òganizasyon.
17. Yo bien enfòme w sou responsabilite yon moun.
18. Refize pwodwi yo anvan yo ekspedye yo.
19. Resevwa enfòmasyon, edikasyon, ak enstriksyon de fabrikan konsènan antretyen, itilizasyon ak reparasyon ekipman medikal a domisil ke yo bay la, ladan I kijan pou jwenn èd epi repare ekipman an si founisè a pa ka bay sèvis ankò.
20. Jwenn sèvis/swen dijans lè sa nesesè medikalman lè yo kontakte founisè ou an oswa rele 911.
21. Fè reklamasyon yon ranbousman de yon lòt peyè ki elabore epi remèt de fason konplè e egzat epi konfòmeman ak praktik faktirasyon swen sante leta, federal ak prive ki aplikab.
22. Eksprime enkyeted oswa doleyans bay sèvis swen a domisil ou an oswa otorite leta a ki gouvène founisè sèvis swen a domisil yo oswa rekòmande modifikasyon nan sèvis swen a domisil ou an oswa anplwaye founisè yo san krent, diskriminasyon, reprezay oswa entèripsyón san rezon nan swen ak sèvis. Nimewo liy dirèk Medicare a se 1-800-633-4227.

RESPONSABILITE OU YO



RESPONSABILITE OU YO SE:

1. RETOUNEN TOUT FÒMILÈ AK SIYATI HIPAA YO KEYOTE VOYE BA OUPALAPÒS/IMEL NAN YON PAKE BYENVINI POU NOUVO PASYAN YO.
2. ENFÒME NOU DE TOU CHANJMAN NIMEWO TELEFÒN OSWAADRÈS.
3. ENFÒME NOU DE TOU CHANJMAN ASIRANS OSWA DOKTÈ.
4. DISPONIB NAN MOMAN LÈ LIVREZON YO AP FÈT POU PÈMÈT YON REPREZANTAN AIM PLUS MEDICAL SUPPLIES, LLC OSWA PÈSONÈL LIVREZON AN LIVRE PWODWI/PWOVIZYON OU YO OSWA CHANJE EKIPMAN NAN LÈ REZONAB.
5. AVÔTI NOU SOU AKÒ SOU GAZI/CHANJMAN NANADRÈS GUARDIANSHIP LEGAL KI EFFECTE KIPWOVINISYON YO TA DWE ANBAKE.
6. ENSPEKTE TOUT KONTENI PAKET EPI RAPÒTE NENPÒT DOGAJ OSWA ATIK MANCHE POU VIZE AK PWOVIZYON MEDIKAL NAN 866-919-1246 NAN 3 JOU APRÈ LIVRAISON.
7. Enfòme founisè ou an sou istorik itilizasyon ekipman/founiti ou an.
8. Trete pèsonèl konpayi an ak respè e diyite san diskriminasyon. Bay yon anviwonman ki san danje pou anplwaye yo ka bay swen ak sèvis.
9. Bay founisè a enfòmasyon ki egzat soup lent aktyèl yo, maladi ki pase, entène lopital, ak medikaman epi rapòte chanjman ki pat atann nan kondisyon ou bay doktè ak/oswa founisè ou.
10. Revize bwochi sekirite founisè a ak/oswa fabrikan an epi patisipe aktivman nan kenbe yon anviwonman san danje lakay ou. Poze kesyon sous wen ou, tretman ak/oswa sèvis yo, oswa pou fè reprezantan konpayi an klarifye nenpòt enstriksyon ke yo bay.
11. Mande enfòmasyon adisyonèl sou nenpòt aspè operasyonèl de ekipman ki livre ke ou pa finn twò konprann. Kominike kelkeswa enkyetid konsènan ou menm/kapasite w/kapasite moun k ap bay swen/kapasite manm fanmi w pou swiv enstriksyon oswa itilize ekipman yo bay la.
12. Itilize tout ekipman ak swen rezonab, san chanjman oswa modifikasyon, epi retounen (si l te lwe) ekipman an nan bon kondisyon (eksepte deteryorasyon nòmal).
13. Pran swen epi sèvi ak ekipman an an tout sekirite, selon enstriksyon ke yo bay, pou objektif li te preskri a epi sèlman pou/sou pasyan an ke yo te preskri li a.

RESPONSABILITE OU YO



12. Siveye kantite atik ke nou founi lakay/lekol/travay ou epi kòmande ankò nan yon bon lè pou asire ke yo ap ekspedye pwodwi yo a tan epi pou yo rive anvan lè ke yo ap bezwen yo.
13. Pwoteje ekipman an de dife, dlo, vol, oswa lòt domaj. Ou dakò pou pa transfere oswa pèmèt ke lòt moun itilize ekipman ou an san li pa gen konsantman ekri AIM Plus Medical Supplies, LLC anvan epi ou aksepte tou pou pa modifye oswa eseye fè okenn reparasyon nan ekipman an. Modifye ekipman an oswa eseye repare ekipman an libere AIM Plus Medical Supplies, LLC de tout responsabilite ki gen rapò ak ekipman an ak itilizasyon li yo, epi de nenpòt ki rezulta negatif pasyan yo.
14. Rapòte san pèdi tan nenpòt ki malfonksyonman, domaj, oswa defo nan ekipman an bay founisè ekipman medikal a domisil la konsa ya va fè reparasyon/ranplasman.
15. Itilize ekipman an pou sa li te fèt la epi konfòmeman ak preskripsyon doktè a.
16. Respekte plan sèvis founisè ou an.
17. Pèmèt founisè a gen aksè a tout ekipman pou reparasyon/ranplasman, antretyen ak/oswa pran I.
18. Kenbe ekipman an nan men w ak sou kontwol ou ak nan ki adrès li te livre, sof si founisè otorize yon lòt jan.
19. Enfòme founisè a de nenpòt ki ka entène lopital oswa chanjman nan asirans sante ou, adrès ou, nimewo telefòn ou, doktè ou, oswa itilizasyon ke yo preskri epi enfòme founisè a tou lè bezwen medikal pou yon ekipman ki lwe pa egziste ankò, ladan I lè w ap rantre lopital oswa yon etablisman swen enfimyè espesyalize. Kominike nenpòt enfòmasyon, enkyetid ak/oswa kesyon ki gen rapò ak doulè, risk ou santi de swen ou yo, tretman ak/oswa sèvis yo, epi chanjman nan kondisyon ou ke ou pat atann.
20. Mande pou pèman prestasyon otorize Medicare, Medicaid, oswa lòt asirans prive ale jwenn founisè a dirèkteman.
21. Aksepte responsabilite finansye pou tout pwodwi/ekipman medikal ke founisè a bay, ladan I nenpòt ki ekipman ki ta pèdi oswa yo volè pandan li nan men w, oswa ke konpayi asirans ou an pa peye pou li.
22. Ou responsab pou tout regleman/pèman rapid nan kont ou yo.
23. Peye pri ranplasman nenpòt ki ekipman ki andomaje, kraze, oswa pèdi akòz de yon move itilizasyon, abi, oswa neglijans.
24. Peye san pèdi tan pou lokasyon oswa vant ekipman ke ni konpayi asirans ou an oswa konpayi asirans ou yo pa peye pou li.
25. Konprann ke tit pwopriyete ekipman ki lwe ak tout pyès yo rete toujou nan men founisè ekipman medikal a domisil lan sof si ou achte epi peye konplètman pou ekipman an.

ESTANDA FOUNISÈ MEDICARE DMEPOS



ESTANDA FOUNISÈ MEDICARE DMEPOS

Remak: Sa a se yon vèsyon abreje estanda founisè yo ke chak founisè Medicare DMEPOS dwe respekte pou jwenn ak kenbe privilèj bòdwo yo. Estanda sa yo, nan entegralite yo, enimere nan 42 C.F.R.

424.57(c).

1. Yon founisè dwe an konfòmite ak lisans Federal ak Leta ki aplikab epi egzijans reglementè.
2. Yon founisè dwe bay enfòmasyon konplè epi egzat sou demann founisè DMEPOS. Yo dwe rapòte nenpòt chanjman de enfòmasyon sa bay Biwo Santral Founisè Nasyonal nan 30 jou.
3. Yon founisè dwe fè yon moun ki otorize (yon moun ki gen siyati angaje) siyen demann pou privilèj faktirasyon.
4. Yon founisè dwe ranpli kòmand yo apati de pwòp envantè li yo oswa dwe fè kontra ak lòt konpayi pou achte atik yo ki nesesè pou ranpli kòmand lan. Yon founisè pa ka fè kontra ak nenpòt ki antite ki ekskli aktyèlman nan pwogram Medicare, nenpòt pwogram swen sante Leta, oswa nan nenpòt lòt pwogram apwovizyonman Federal oswa ki pa apwovizyon.
5. Yon founisè dwe enfòme benefisyè yo ke yo ka lwe oswa achte ekipman medikal dirab ki pa chè oswa achte regilyèman ak opsyon pou achte ekipman pou lokasyon ki limite.
6. Yon founisè dwe enfòme benefisyè yo de kouvèti garanti epi onore tout garanti baze sou lwa Leta aplikab, epi repare oswa ranplase gratis atik ke Medicare kouvri ki gen garanti.
7. Yon founisè dwe kenbe yon etablisman fizik yon kote ki apwopriye epi dwe kenbe yon ansèy vizib ki gen lè operasyon afiche ladan 1. Kote a dwe aksesib a publik la epi gen pèsònèl pandan lè travay ki afiche. Kote a dwe omwen genyen yon sipèfisi de 18.58 mèt kare epi genyen espas pou mete dosye yo.
8. Yon founisè dwe pèmèt C.M.S. oswa ajan li yo fè enspeksyon soup las pou asire ke founisè a konfòme l a nòm sa yo.
9. Yon founisè dwe kenbe yon telefòn biznis prensipal ki endike sou non biznis lan nan yon anyè local oswa yon nimewo gratis disponib nan asistans anyè. Itilizasyon eksklizif yon bipè, yon repondè, yon sèvis repons, oswa yon telefòn selilè entendi pandan lè travay.
10. Yon founisè dwe genyen yon asirans responsabilite sivil konplè de yon kantite omwen de \$300,000 ki kouvri tou de local biznis founisè a ak tout kliyan yo epi anplwaye founisè a. Si founisè a fabrike pwòp atik li yo, asirans sa dwe kouvri tou responsabilite pwodwi ak operasyon ki fini.
11. Yo entèdi yon founisè pou li mande benefisyè Medicare yo dirèkteman. Pou detay konplè sou entèdiksyon sa, gade 42-CFR 424.57 © (11).
12. Yon founisè responsab livrezon epi dwe bay benefisyè yo enstriksyon sou itilizasyon atik ke Medicare kouvri epi konsève prèv livrezon ak enstriksyon benefisyè yo.

ESTANDA FOUNISÈ MEDICARE DMEPOS



13. Yon founisè dwe reponn kesyon ak plent benefisyè yo epi konsève dokimantasyon kontak sa yo.
14. Yon founisè dwe kenbe epi ranplase san frè ni kòb reparasyon dirèkteman oswa pa yon sèvis kontra ak yon lòt konpayi, nenpòt atik Medicare kouvri ke li lwe benefisyè yo.
15. Yon founisè dwe aksepte atik ki pa bon kalite yo le yo retounen (mwens pase bon jan kalite konplè pou atik an patikilye) oswa atik ki pa apwopriye (ki pa apwopriye pou benefisyè a lè yo te enstale ak lwe oswa vann) nan men benefisyè yo.
16. Yon founisè dwe divilge nòm sa yo bay chak benefisyè ke li founi yon atik ke Medicare kouvri.
17. Yon founisè dwe divilge nenpòt moun ki gen yon entere pwopriyete, finansye, oswa kontwòl nan founisè a.
18. Yon founisè pa dwe transmèt oswa reyatribye yon nimewo founisè, savledi, founisè a pa ka vann oswa pèmèt yon lòt antite itilize nimewo faktirasyon Medicare li.
19. Yon founisè dwe gen yon pwotokòl rezolisyon plent ki tabli pou trete plent benefisyè yo ki gen rapò ak nòm sa yo. Yo dwe kenbe yon dosye plent sa yo nan etablisman fizik la.
20. Dosye plenty o dwe gen ladan: non, adrès, nimewo telefòn, ak nimewo reklamasyon asirans sante benefisyè a, yon rezime plent lan, ak nenpòt aksyon kite pran pou rezoud li.
21. Yon founisè dwe aksepte pou founi C.M.S. nenpòt enfòmasyon lwa ak règleman Medicare egzije.
22. Tout founisè yo dwe akredite pa yon òganizasyon akreditasyon ke CMS apwouve pou ka resevwa epi konsève yon nimewo faktirasyon founisè. Akreditasyon dwe endike pwodwi ak sèvis espesifik ke founisè a akredite pou yo a pou li ka resevwa pèman pou pwodwi ak sèvis espesifik sa yo (eksepte pou kèk pwodwi famasetik egzante).
23. Tout founisè dwe enfòme òganizasyon akreditasyon yo lè yon nouvo kote DMEPOS ouvè.
24. Tout kote founisè yo, kit li te mèt li oswa soutretan, dwe reponn a nòm kalite DMEPOS a epi akredite apa pou yo ka faktire Medicare.
25. Tout founisè dwe divilge, lè enskripsiyon an tout pwodwi ak sèvis yo, ladan l nouvo gam pwodwi ki ajoute ke yo ap chache akreditasyon pou yo.
26. Yon founisè dwe ranpli egzijans kosyon ki presize nan 42 C.F.R. 424.57(d).
27. Yon founisè dwe jwenn oksijèn nan men yon founisè oksijèn ki gen lisans leta.
28. Yon founisè dwe konsève dokiman kòmand ak referans konfòmeman ak dispozisyon 42 C.F.R. 424.516(f).
29. Yo entèdi yon founisè pou li pataje yon kote pratik ak lòt prestatè ak founisè Medicare.
30. Yon founisè dwe rete ouvè a publik la pou yon minimum 30 èdtan pa semèn, sof doktè yo (jan sa define nan seksyon 1848(j) (3) nan A.C.T.) oswa fizyoterapet ak ègoterapet oswa yon founisè DMEPOS k ap travay ak òtèz ak protèz sou mezi.

PWOSEDI AK REZOLISYON REKLAMASYON/PLENT

Objektif nou nan AIM Plus Medical Supplies se bay yon sèvis kliyantèl eksepsyonèl ak bon jan kalite pwodwi pou ou menm ak fanmi ou. Si gen yon pwoblèm, tanpri itilize pwosedi sa a pou kontakte nou.

Pwosedi Plent:

- Ou gen dwa ak responsabilite pou w eksprime enkyetid ou, mekontantman ou, oswa pote plent konsènan sèvis ou resevwa oswa ou pa resevwa san w pa pè reprezay, diskriminasyon, oswa entèripsyon sèvis san rezon. **Nimewo telefòn AIM Plus Medical Supplies, LLC se 1-866-919-1246.** Lè w rele, mande pou w pale ak Sipèvizè a, Manadjè Jeneral la, Kowòdonatè Amelyorasyon Randman, oswa P.D.J.
- AIM Plus Medical Supplies, LLC gen yon pwosedi doleyans fòmèl ki garanti ke yo pral egzamine enkyetid ou yo epi yon ankèt kòmanse nan **senk** jou. Yo dwe fè tout tantativ pou rezoud tout doleyans yo nan **katòz** jou. Y ap enfòme w alekri sou rezolisyon plent/doleyans lan.
- Si ou santi ou bezwen pale de enkyetid ou yo ak yon lòt moun ki pa AIM Plus Medical Supplies, Leta Alabama bay yon Liy Dirèk pou Abi Leta pou w itilize. Nimewo a se 1-800-458-7214.



Rezolisyon Plent

AIM Plus Medical Supplies, LLC pral jere plent yo sou yon baz endividylèl. Tout plent yo pral ale jwenn Administratè AIM Plus Medical Supplies, LLC dirèkteman.

Pwosesis Ankèt la ap kòmanse nan senk jou apre plent/pwoblèm nan. Nan **katòz** jou kalandriye apre yo fin resevwa plent yon benefisyè, AIM Plus Medical Supplies dwe fè benefisyè a konnen solisyon an.

500 Patriot Pkwy, Ste B

Tuscaloosa, AL 35405

866-919-1246 (Office)

866-496-7054 (Fax)

www.aimplusmedicalsupplies.com

Sèvis Gouvènman Cigna : 1-866-238-9650

ACHC : 1-919-785-1214 (9-5 EST)

Biwo Enspektè Jeneral (OIG) : 1-800-447-8477 Eta Biwo Pwokirè Jeneral la :1-800-392-5658

Medicare Konpayi Rejyonal : 1-800-Medicare

Liy Dirèk Leta pou Abi : 1-800-458-7214

POLITIK KONFIDANSYALITE



Sa ki anba la a dekri fason nou pral itilize ak divilge enfòmasyon sante pèsonèl ou. Sof pou rezon ki endike anba la yo, nou pral itilize epi divilge enfòmasyon sou sante w sèlman avèk pèmisyon ou alekri. Ou ka anile pèmisyon nenpòt ki lè lè w ekri ofisyé pwoteksyon vi prive. Nou p ap divilge PHI ou tou pou rezon marketing, ni nou p ap fè okenn divilgasyon ki reprezante yon vant PHI ou. N ap divilge enfòmasyon sou sante lè lalwa federal, leta, oswa lokal yo mande pou nou fè sa.

Sèvis: Nou ka kolekte epi pataje enfòmasyon apwopriye sou ou pou dokimante nesesite medikal ekipman, founiti oswa sèvis n ap bay la. Pa egzanp li ka dyagnostik, preskripsyon, referans ak enfòmasyon doktè oswa founisè swen sante.

Pèman: Nou ka pataje enfòmasyon apwopriye sou ou pou voye bòdwo ak kolekte pèman pou sèvis swen sante ak pwodwi nou bay yo, ladan 1 konpayi aspirans ak twazyèm pati, ki gen ladann manm fanmi oswa lòt responsab finansye ke ou te enfòme nou. Pa egzanp li ka verifikasyon kouvèti aspirans ak kalifikasyon. Nou ka divilge enfòmasyon ki apwopriye sou ou tou bay fanmi oswa zanmi k ap ede w ak responsabilite finansye ou genyen pandan w ap resevwa ekipman, founiti, oswa sèvis nan men nou.

Operasyon Biznis: Nou ka itilize ak divilge enfòmasyon pou kontwole ak eksplwate aktivite nou. Pa egzanp li ak ankèt sou satisfaksiyon, rapò rezulta swen sante ak itilizasyon, òganizasyon akreditasyon, rapò bay nenpòt otorite federal, leta oswa lokal (jan lalwa egzije sa), oswa pou fè w sonje ekipman, founiti, oswa sèvis ki nesesè.

Egzijans Legal: Nou ka itilize epi divilge enfòmasyon sou ou pou reponn yon tribinal oswa yon enstitisyon legal ki legalman mande enfòmasyon sou ou. Pa egzanp li ka bay dokiman pou sitasyon legal oswa pwosedi dekouvèt epi fè anplwaye nou yo temwaye sou swen ak sèvis nou te bay yo.

Konpansasyon Travayè: Nou ka divilge enfòmasyon sou sante pou konpansasyon travayè oswa pwogram ki sanble ak sa.

Patnè Biznis: Nou ka divilge enfòmasyon sou sante bay patnè biznis nou yo ki fonksyone pou nou oswa ki ban nou sèvis si enfòmasyon an nesesè pou fonksyon sa yo oswa sèvis yo. Pa egzanp, nou ka itilize yon lòt konpayi pou fè sèvis faktirasyon sou non nou. Tout patnè biznis nou yo gen obligasyon pou pwoteje konfidansyalite enfòmasyon ou yo epi yo pa gen dwa itilize oswa divilge okenn enfòmasyon ki pa sa ki nan kontra nou an.

Sante Biblik: Nou ka divilge enfòmasyon sou sante w bay sante biblik oswa otorite legal ki responsab pou anpeche oswa kontwole maladi, blesi oswa andikap.

Notifikasyon Vyolasyon Done: Ou gen dwa pou yo fè w konnen si w pa respekte nenpòt nan PHI ou ki pa garanti. Nou ka itilize oswa divilge PHI ou pou bay avi legalman obligatwa sou aksè oswa divilgasyon san otorizasyon enfòmasyon sante ou.

POLITIK KONFIDANSYALITE



PRIVASITE AK DWA OU YO

Konsilte epi kopye: Ou gen dwa pou enspekte epi kopye enfòmasyon sou sante yo ki ka itilize pou pran desizyon konsènan swen ou oswa pèman swen ou. Sa gen ladann dosye medikal ak bòdwo. Pou konsilte epi kopye enfòmasyon sante sa a, ou dwe fè demann ou alekri. Nou gen jiska 30 jou pou nou mete enfòmasyon sou sante ki pwoteje w yo disponib epi nou ka mande w yon frè rezonab pou depans kopi, poste, oswa lòt founiti ki asosye ak demann ou an. Nou gendwa pa fè w peye yon frè si w bezwen enfòmasyon pou yon reklamasyon pou benefis dapre Lwa Sekirite Sosyal oswa nenpòt lòt pwogram avantaj federal ki baze sou bezwen. Nou ka refize demann ou an nan kèk sikontans limite. Si nou refize demann ou a, ou gen dwa fè yon pwofesyonèl swen sante ki gen lisans ki pa t patisipe dirèkteman nan refi demann ou a revize refi a, epi n ap respekte rezulta revizyon an.

Kopi elektwonik dosye medikal elektwonik: Si yo kenbe PHI w la nan yon fòma elektwonik (ki rele yon dosye medikal elektwonik oswa yon dosye sante elektwonik), ou gen dwa pou mande pou yo ba w yon kopi elektwonik dosye w la oswa transmèt li bay yon lòt moun oswa yon lòt antite. N ap fè tout efò pou nou bay aksè a PHI ou sou fòm oswa fòma ou mande a si li fasil pou pwodui nan fòm oswa fòma sa a. Si PHI a pa fasil pou pwodui nan fòm oswa fòma w mande a, y ap bay dosye w la swa nan fòma elektwonik estanda nou an oswa si w pa vle fòm sa a oswa fòma sa a, yon fòm kopi papye lizib. Nou ka mande w yon frè rezonab, ki baze sou pri pou travay ki asosye ak transmèt dosye medikal elektwonik la.

Modifikasyon: Si ou santi ke AIM Plus Medical Supplies, LLC gen enfòmasyon ki pa kòrèk oswa ki pa konplè, ou ka mande nou pou chanje enfòmasyon an. Ou gen dwa pou mande yon modifikasyon pou toutotan enfòmasyon yo konsève pa oswa pou biwo nou an. Pou mande yon modifikasyon, ou dwe fè demann ou alekri.

Divilgasyon Kontabilite: Ou gen dwa pou mande yon lis kèk divilgasyon enfòmasyon sou sante ke nou te fè pou lòt rezon ke sèvis, pèman ak operasyon swen sante oswa pou sa ou te bay otorizasyon alekri. Pou mande yon divilgasyon kontablite, ou dwe fè demann ou alekri.

Pèman Dirèk: Si ou te peye nan pòch ou (ki vle di, ou te mande pou nou pa voye bòdwo plan sante w la) pou yon atik okonplè oswa yon sèvis espesifik, ou gen dwa pou mande enfòmasyon sou sante ou ki pwoteje konsènan atik sa a oswa sèvis yo pa dwe divilge nan yon plan sante pou rezon pèman oswa operasyon swen sante, epi nou pral respekte demann sa a.

PRIVACY POLICY CONT.



Restriksyon: Ou gen dwa pou mande yon restriksyon oswa yon limit sou enfòmasyon sante nou itilize oswa divilge pou tretman, pèman, oswa opsyon swen sante. Ou gen dwa tou pou mande yon limit sou enfòmasyon sante nou devwale bay yon moun ki enplike nan swen ou oswa pèman swen ou, tankou yon manm fanmi oswa yon zanmi. Pa egzanp, ou ta ka mande pou nou pa pataje enfòmasyon sou yon dyagnostik oswa tretman an patikilye a mari w oswa madanm ou. Pou mande yon restriksyon, ou dwe fè demann ou alekri bay Leigh Ann Poole. Nou pa oblige aksepte demann ou a sof si w ap mande nou limite itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon sante ou ki pwoteje nan yon plan sante pou rezon pèman oswa fonksyonman swen sante ak enfòmasyon sa yo ou vle mete restriksyon konsènan yon atik swen sante sèlman, oswa sèvis ke ou te peye nou "nan pòch" okonplè. Si nou dakò, n ap respekte demann ou an sof si gen yon tretman dijans ki mande pou nou ba ou enfòmasyon yo.

Kominikasyon Konfidansyèl: Ou gen dwa pou mande pou nou kominike avèk ou sou zafè medikal nan yon sèten fason oswa nan kèk kote. Pa egzanp, ou ka mande pou nou kontakte w sèlman pa lapòs oswa nan travay ou. Pou mande kominikasyon konfidansyèl, ou dwe fè demann ou alekri. Demann ou a dwe presize ki jan oswa ki kote ou vle yo kontakte w. N ap reponn demann rezonab.

Kopi Papye Avi sa: Ou gen dwa pou w jwenn yon kopi avi sa a sou papye. Ou ka mande nou ba ou yon kopi avi sa a nenpòt ki lè. Menmsi ou te aksepte pou resevwa avi sa a pa vwa elektwonik, ou toujou gen dwa a yon kopi papye avi sa a.

Plent: Si ou panse ke yo te vyole dwa konfidansyalite ou, ou ka pote yon plent nan biwo nou an oswa nan Sekretè Depatman Sante ak Sèvis Sosyal. Tout plent dwe fèt alekri. Yo p ap penalize w si w depoze yon plent. Yo ka depoze plent avèk nou nan adrès ki anba a:

AIM Plus Medical Supplies
500 Patriot Pkwy, Ste B
Tuscaloosa, AL 35405
(866) 919-1246

PRIVASITE W AK DWA W YO



PRIVASITE W AK DWA W YO

Objektif

Avi sa a dekri fason yo ka itilize ak divilge enfòmasyon medikal ou yo epi kijan ou ka jwenn aksè a enfòmasyon sa yo.

Tanpri revize li ak anpil atansyon.

Lalwa egzije AIM Plus Medical Supplies, LLC pou l kenbe konfidansyalite Enfòmasyon Sante Pwoteje (PHI), pou bay moun yo avi sou devwa legal li yo ak pratik konfidansyalite yo anrapò ak PHI, epi pou enfòme moun ki konsène yo apre yon vyolasyon PHI ki pa garanti.

AIM Plus Medical Supplies, LLC kwè ke enfòmasyon nou rasanble sou ou li a karaktè trè prive epi nou angaje nou pou kenbe enfòmasyon sa a konfidansyèl. Dosye nou kreye nan ba ou swen yo yo konsève konfidansyèl pa lalwa. Nou oblige tou enfòme w sou règleman nou yo konsènan itilizasyon ak estokaj enfòmasyon sante pèsònèl ou yo.

AIM Plus Medical Supplies, LLC kenbe dwa pou aktyalize Avi Konfidansyalite nou an. Enfòmasyon pèsònèl sante w ap toujou rete dapre politik aktyèl nou yo ki deziyen nan Avi Konfidansyalite nou an epi nou dwe suiv pratik konfidansyalite ki dekri nan Avi sa a. AIM Plus Medical Supplies, LLC konsève dwa pou chanje pratik konfidansyalite li yo ki dekri nan avi sa a nenpòt ki lè. Yon kopi aktyèl Avi Konfidansyalite nou an parèt nan 6521 AL HWY 69 S, Ste. N, Tuscaloosa, AL 35405. Si w gen nenpòt ki kòmantè oswa kesyon sou Avi Konfidansyalite nou an, ou ka rele epi mande pou pale ak manadjè AIM Plus Medical Supplies nan 866-919-1246.

ENFÒMASYON PRIVASITE AK SANTE OU



ENFÒMASYON PRIVASITE AK SANTE OU

Pifò nan nou santi ke enfòmasyon sante ak medikal nou yo prive epi yo ta dwe pwoteje, epi nou vle konnen ki moun ki gen enfòmasyon sa yo. Kounye a, lwa federal ba w dwa sou enfòmasyon sou sante w epi li fikse règ ak limit sou moun ki ka gade epi resevwa enfòmasyon sou sante w.

Enfòmasyon Sante Ou Pwoteje pa Lalwa Federal

Kiyès ki dwe suiv lalwa?

- Pifò doktè, enfimyè, famasi, lopital, klinik, mezon retrèt, ak anpil lòt founisè swen sante.
- Konpayi asirans sante, HMOs, pifò plan sante gwoup anplwayè yo.
- Kèk pwogram gouvnèman ki peye pou swen sante, tankou Medicare ak Medicaid.

Ki enfòmasyon ki pwoteje?

- Enfòmasyon doktè w yo, enfimyè yo ak lòt founisè swen sante w yo mete nan dosye medikal ou
- Konvèrsasyon doktè w genyen sou swen oswa tretman w ak enfimyè ak lòt moun
- Enfòmasyon sou ou nan sistèm enfòmatik konpayi asirans sante w la
- Enfòmasyon sou bòdwo w nan klinik ou a
- Pifò lòt enfòmasyon sante sou ou nan men moun ki dwe swiv lwa sa a

ENFÒMASYON PRIVASITE AK SANTE OU

Lalwa Ba w Dwa Sou Enfòmasyon Sante

Founisè ak konpayi asirans sante ki oblige suiv lwa sa a dwe respekte dwa w genyen pou:

- Mande pou w wè epi jwenn yon kopi dosye sante w
- Fè yo ajoute koreksyon nan enfòmasyon sou sante w
- Resevwa yon avi ki di w kijan yo ka itilize epi pataje enfòmasyon sou sante w
- Deside si w vle bay pèmisyon w anvan yo ka itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w pou sèten rezon, tankou pou fè marketing.
- Jwenn yon rapò sou ki lè ak poukisa yo te pataje enfòmasyon sou sante w pou sèten rezon
- Si w kwè yo refize dwa w oswa enfòmasyon sou sante w yo pa pwoteje, ou kapab: Depoze yon plent ak founisè w la oswa konpayi asirans sante w oswa Depoze yon plent ak gouvènman ameriken an.

Ou ta dwe konnen dwa enpòtan sa yo ki ede w pwoteje enfòmasyon sou sante w. Ou ka poze founisè w la oswa konpayi asirans sante w kesyon sou dwa w. Ou ka aprann plis sou dwa w tou, tankou kijan pou w pote yon plent, nan sitwèb la nan www.hhs.gov/ocr/hipaa

Pou Plis Enfòmasyon: Sa a se yon rezime tou kout sou dwa w ak pwoteksyon w yo dapre konfidansyalite enfòmasyon sante federal la ak dwa w yo nan yon fèy enfòmasyon ki rele “Enfòmasyon Sante w ak Dwa Konfidansyalite w”. Ou ka jwenn sa sou sitwèb la nan www.hhs.gov.ocr.hipaa

Lòt Dwa Privasite: Yon lòt lwa te bay plis pwoteksyon konfidansyalite pasyan yo nan pwogram tretman alkòl ak dwòg. Pou plis enfòmasyon, ale sou sitwèb nan www.samhsa.gov

Pibliye pa: Biwo Dwa Sivil Ministè Ameriken Sante ak Sèvis Sosyal

Lalwa Fikse Règ ak Limit sou Moun ki Ka Gade ak Resevwa Enfòmasyon Ou: Pou asire w ke enfòmasyon w yo pwoteje yon fason ki pa entèfere ak swen sante w, enfòmasyon w yo ka itilize epi pataje


- Pou tretman w ak kowòdinasyon swen w
- Pou peye doktè ak lopital pou swen sante w epi ede w jere biznis yo
- Ak fanmi w, pwòch ou, zanmi w oswa lòt moun ou idantifye ki enplike nan swen sante w oswa bòdwo swen sante w, si w bay pèmisyon.
- Pou asire ke doktè yo bay bon swen epi mezon retrèt yo pwòp e an sekirite
- Pou pwoteje sante publik la, tankou rapòtè lè grip la nan zòn ou an
- Pou fè rapò obligatwa bay lapolis; tankou rapòtè blese bal

Yo pa kapab itilize oswa pataje enfòmasyon sou sante w san pèmisyon ou alekri sof si lwa sa a pèmèt sa. Pa egzanp, san otorizasyon w, founisè w an jeneral pa ka bay anplwayè w enfòmasyon w, itilize oswa pataje enfòmasyon w pou rezon marketing oswa piblisite, oswa pataje nòt prive sou sesyon konsèy sante mantal ou yo.

Lalwa Pwoteje Privasite Enfòmasyon Sante W

Founisè ak konpayi asirans sante yo ki oblige suiv lwa sa a dwe kenbe enfòmasyon ou an prive lè yo montre moun k ap travay pou yo ki jan yo ka itilize epi pataje enfòmasyon ou yo epi yo pran mezi apwopriye e rezonab pou kenbe enfòmasyon sante ou an sekirite.

RESPONSABILITE ESTIME PASYAN



ATANSYON PASYAN: Nenpòt kantite lajan responsablite pasyan AIM Plus Medical Supplies, LLC oswa reprezantan yo bay se yon ESTIMASYON sèlman. Pa gen okenn garanti nan pèman pa konpayi asirans lan. Se sèlman responsablite pasyan an pou kontakte konpayi asirans lan ak nenpòt kesyon sou obligasyon finansye potansyèl pou pwodwi a. AIM Plus Medical Supplies, LLC pa anile balans pasyan yo.

Pasyan an responsab pou sa epi li dakò pou 1 peye nenpòt pati nan kantite lajan an li dwe pou aparèy sa a konpayi asirans lan pa peye, kit se akòz franchiz, ko-pèman, oswa otreman.

ATANSYON PASYAN MEDICARE: Tanpri sonje ke Medicare **jeneralman peye 80%** *pousantaj bòdwo pou atik ki kouvri yo apre ke nenpòt franchiz Medicare respekte. Si ou gen yon konpayi asirans segondè, AIM Plus Medical Supplies, LLC pral soumèt yon reklamasyon pou **kantite lajan koasirans 20%** ou. Ou pral responsab pou nenpòt koasirans ki poko peye sou reklamasyon w la.

ATANSYON PASYAN MEDICAID: Si w gen **Medicaid**, w ap **kouvri jiska 100%** pou tout pwodwi ki preskri yo. Tanpri sonje ke ta ka gen yon ti ko-pèman sou kèk atik k ap depann de kouvèti Medicaid ou genyen an. N ap fè w konnen nenpòt atik ki pa kouvri.

ATANSYON TOUT PASYAN: TANPRI KONNEN ke se dwa w pou w chwazi nenpòt founisè men ou PA ka resevwa menm atik yo nan men plis pase yon konpayi. Si w chwazi AIM Plus Medical Supplies epi w ap resevwa menm pwovizyon yo tou nan yon famasi oswa yon lòt konpayi, Y AP FAKTIRE OU POU KANTITE SA A.

GARANTI PWODWI



GARANTI PWODWI POU DEFÒ NAN MATERYÈL OSWA FABRIKASYON

Nenpò plent konsènan aparèy nou yo ta dwe kominike bay Sèvis Sipò Kliyantèl nan 1-866-919-1246, LENDI – VANDREDI 8:00 a.m. – 5:00 p.m. AIM Plus Medical Supplies, LLC Sèvis Sipò Kliyantèl pral bay aksè a asistans teknik pou detèmine nivo pwoblèm nan oswa montre pasyan an kijan pou li itilize aparèy la. Si yo pa ka fè aparèy la fonksyone byen, yo voye yon aparèy ranplasman bay pasyan an epi yo pote aparèy la ki mal fonksyone tounen pou tès ak evalyasyon.

Politik Retounen Ekipman

Pou retounen oswa fè yon echanj ekipman, rele Depatman Sèvis Kliyantèl nou an nan 866-919-1246 pou yon Otorizasyon pou Retounen. Si w resevwa ekipman akoz de yon erè AIM Plus Medical Supplies, LLC oswa pwodwi a defektye, AIM Plus Medical Supplies, LLC ap peye pou retounen ekipman an epi ranplase li kòmsadwa.

Enfòmasyon sou Garanti

AIM Plus Medical Supplies, LLC ofri yon minimòm de yon (1) ane garanti kont domaj fabrikasyon sou tout pwodwi yo. Yon fwa ke nou jije li defektye, nou rezève dwa pou reparé oswa ranplase pwodwi nan diskresyon nou. Byen ki soup yo garanti pou sis (6) mwa.

PARE POU LAKWA WOUJ – PRAN YON TWOUS



Pran yon twous. Fè yon plan. Ou dwe enfòme.

Li enpòtan pou prepare pou maladi posib ak lòt ijans. Katastwòf natirèl ak imen yo ka frape toudenkou, nenpòt lè ak nenpòt ki kote. Gen twa aksyon tout moun ka pran ki ka ede fè yon diferans. Omwen, gen founiti debaz yo ki nan lis anba a. Konsève pwovizyon yo nan yon twous preparasyon pou ijans ki fasil pou pote ke ou ka itilize lakay ou oswa ou ka pote l avèk ou si ou ta dwe evakye.

- Dlo – yon galon pou chak moun, pa jou (pwovizyon pou 3 jou pou evakyasyon, rezèv pou 2 semèn pou kay)
- Manje – atik ki pa ka gate, fasil pou prepare (pwovizyon pou 3 jou pou evakyasyon, rezèv pou 2 semèn pou kay)
- Flach
- Radyo ki mache ak pil oswa yon manivèl (Radyo Meteyo NOAA, si sa posib)
- Pil siplemantè
- Twous premye sekou
- Medikaman (pwovizyon pou 7 jou) ak atik medikal
- Zouti plizyè fonksyon
- Atik sanitè ak ijyèn pèsònèl
- Kopi dokiman pèsònèl (lis medikaman ak enfòmasyon medikal ki enpòtan, prèv adrès, papye kay/kontra Iwaye, paspò, batistè, ak kontra asirans)
- Telefòn selilè ak chajè
- Enfòmasyon fanmi ak moun pou kontak annijans
- Lajan kach siplemantè
- Lenn pou ijans
- Kat jeyografik zòn nan

Konsidere bezwen tout manm fanmi yo epi ajoute pwovizyon nan twous la. Atik yo sijere pou ede satisfè bezwen adisyonèl ou yo:

- Pwovizyon medikal (aparèy pou tandem ak pil siplemantè, linèt, vè de kontak, sereng, baton)
- Pwodwi pou ti bebe (biberon, fòmil, manje ti bebe, kouchèt)
- Jwèt ak aktivite pou timoun yo
- Pwodwi pou zannimo konpay (kolye, kòd, Kat Idantite, manje, transpò, bòl)
- Radyo de sans
- Yon jè kle machin siplemantè ak kle kay
- Manyèl ouvè bwat

PARE POU LAKWA WOUJ – PRAN YON TWOUS



Lòt founiti pou kenbe lakay ou oswa nan twous ou a selon kalite dezas ki komen nan zòn ou an:

- Siflè
- N95 oswa mask chirijikal
- Alimèt
- Rad pou lapli
- Sèvyèt
- Gan travay
- Zouti / Founiti pou an sekirite lakay ou
- Rad siplemantè, chapo, soulye solid
- Fèy plastik
- Tep adezif
- Sizo
- Klowòks likid pou kay la
- Atik amizman
- Dra oswa sak pou dòmi



Fè yon Plan


- Rankontre fanmi w oswa manm nan kay la
- Pale sou fason pou prepare ak reponn a ijans ki gen plis chans pou rive kote w ap viv, aprann, travay, epi jwe
- Identife responsabilite pou chak manm nan kay la epi planifye travay ansanm tankou yon ekip
- Si yon manm nan fanmi an se yon militè, planifye kijan ou ta reponn si yo te deplwaye

Planifye kisa pou fè si nou ta separe pandan yon ijans

- Chwazi de kote pou nou rankontre:
 - Dirèkteman deyò kay la si toudenkou ta gon ijans, tankou yon dife
 - Deyò kote vwazinaj, si ou paka retounen lakay ou oswa yo mande w pou evakye
- Chwazi yon moun pou kontakte si gon ijans andeyò rejon an. Li ka fasil pou voye yon mesaj oswa fè yon apèl long distans si liy telefòn lokal yo sichaje oswa pa gen sèvis. Tout moun ta dwe genyen enfòmasyon kontak dijans ekri oswa pwograme nan telefòn selilè yo.

Planifye kisa pouf è si ou gen pou w evakye

- Deside kibò ou ta ale epi ki wout ou ta pran pou ale la. Ou ka chwazi ale nan yon otèl / motèl, rete ak zanmi oswa paran yon kote ki an sekirite oswa ale nan yon refij evakiyasyon si sa nesesè.
- Pratike evakiyasyon kay ou defwa pa an. Kondwi sou wout evakiyasyon ou planifye a epi trase lòt wout sou kat ou sizoka ou pataka pase wout yo.
- Planifye davans pou zannimo konpay yo. Konsève yon lis otèl / motel ki akeyi zannimo ak refij zannimo ki sou wout evakiyasyon an.



Enfòme w

Aprann ki katastwòf oswa ijans ki ka rive nan zòn ou an. Evènman sa yo ka varye soti nan sa ki afekte sèlman ou menm ak fanmi ou, tankou yon dife lakay ou oswa yon ijans medikal, rive nan sa ki afekte tout kominote w la, tankou yon tranblemanntè oswa inondasyon.

- Identife ki jan otorite lokal yo pral fè w konnen pandan yon katastwòf ak kijan w ap jwenn enfòmasyon, kit se atravè yon radyo lokal, televizyon, oswa estasyon Radyo Meteyo NOAA oswa kanal.
- Konnen diferans ki genyen ant alèt move tan tankou mont ak avètisman, ak ki aksyon yo dwe pran nan chak ka.
- Konnen ki aksyon pou w pran pou pwoteje tèt ou pandan katastwòf ki ka rive nan zòn kote w vwayaje oswa kote w al rete dènyèman. Pa egzanp, si ou prale yon kote ki gen tranblemanntè souvan epi ou pa abitye ak yo, asire w ke ou konnen ki sa pou w fè pou pwoteje tèt ou si youn pase.
- Lè yon gwo dezas rive, kominote w la ka chanje nan yon moman. Moun ou renmen yo ka blese epi repons ijans ka rive an reta. Asire w ke omwen yon manm nan kay ou a resevwa fòmasyon premye swen ak RCP epi li konnen kijan pou l itilize yon Defibrilatè Ekstèn Otomatik (AED). Fòmasyon sa a itil nan anpil sitiysyon ijans.
- Pataje sa ou aprann ak fanmi w, fwaye w ak vwazen w epi ankouraje yo pou yo enfòme yo.

Kat Kontak Ijans pou Tout Manm Kay la

Jwenn kat ou yo sou entènèt nan: <http://www.redcross.org/prepare/ECCard.pdf>

- Enprime yon kat pou chak manm fanmi an
- Ekri enfòmasyon kontak pou chak manm nan kay la, tankou nimewo travay, lekòl, ak nimewo telefòn selilè yo
- Pliye kat la pou li antre nan pòch ou, nan bous ou oswa nan valiz ou
- Mache ak kat la pou li disponib nan ka yon katastwòf oswa yon lòt ijans

Pou plis enfòmasyon sou preparasyon pou katastwòf, vizite RedCross.org